



Pou Piblikasyon Imedya: 09/01/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLAN POU OGMANTE GWO PWOJÈ TRANSPÒ
PIBLIK AK AMELYORE SEKIRITE SOU WOUT YO**

*Pwopozisyon Eta Leta a pral anonse planifikasyon ekstansyon lwès Metwo
Second Avenue an sou 125th Street; Ki ta sèvi 240,000 kliyan chak jou*

MTA pral kòmanse travay enjenyeri pou IBX, k ap sèvi 40 milyon pasaje pa ane

*Nouyòkè yo kapab kounye a wè investisman nan enfrastrikti ak resous aksè yo
nan [Infrastructure.ny.gov](https://www.infrastructure.ny.gov)*

Nouvo mezi aplikasyon peyaj ak tarif ki konsantre sou ekite

*Gouvènè Hochul pral re-entwodwi lwa Sammy an epi anonse nouvo aksyon sou
sekirite batri lityòm-ion*

Gouvènè Hochul jodi a te anonse pwochen etap yo pou planifye ak konsevwaaksè ak transpò piblik elaji atravè Vil New York prezante yon nouvo [Sant Enfrastrikti](#), epi pwopoze nouvo mezi pou amelyore sekirite wout ak batay kont fwod peyaj ak tarif yo nan kad diskou Eta Leta 2024 li a. Aksyon sa yo bati sou eritaj Gouvènè Hochul nan agrandi koneksyon atravè eta a, fè investisman istorik nan enfrastrikti, epi adopte lejislasyon pou pwoteje pyeton ak chofè yo. Aksyon sa yo pral ogmante opòtinite pou plizyè milyon Nouyòkè pandan y ap amelyore ekite ak kenbe Nouyòkè yo an sekirite.

"Chak Nouyòkè merite yon vwayaj ki an sekirite, efikas – kit ou se yon vwayajè nan transpò piblik, yon chofè oswa yon pyeton", **Gouvènè Hochul te deklare.** "N ap kontinye avanse a tout vitès sou pwojè enfrastrikti transfòmasyon ki pral chanje fason Nouyòkè yo ap deplase. Epi n ap goumen pou sekirite an menm tan, konsa Nouyòkè yo rive lakay yo san danje kèlkeswa jan yo chwazi pou yo ale."

Ekstansyon Lwès Metwo Second Avenue an

Sou lidèchip Gouvènè Hochul, Dezyèm Faz nan Metwo Second Avenue an te pase soti nan rèv pou rive nan yon pwojè ki totalman finanse ki pare pou konstriksyon. Alavni, MTA pral evalye, defini ak planifye pou yon lòt ekstansyon nan Metwo Second Avenue an nan lwès sou 125th Street, ajoute twa nouvo estasyon nan Lenox Avenue, St. Nicholas Avenue, ak Broadway nan Harlem. Ekstansyon sa a ta kreye koneksyon ak

sèt liy ki egziste deja epi sèvi 240,000 kliyan chak jou, ak plis pase 90 pousan nan kominote ekite yo. Li ta siyifikativman redwi anbouteyaj otobis yo sou 125th Street, kote plis pase 30,000 moun monte otobis la nan koridò sa a chak jou.

Pwojè sa a te jwenn bon nòt nan Evalyasyon Bezwen 20 Ane MTA a, patikilyèman pou efikasite pri li. Avan revizyon anviwonmantal ak enjeni preliminè a, MTA pral evalye posibilite pou fè travay tinèl inisyal la kòm yon kontinyasyon travay tinèl Dezyèm Faz la ak pwolonje trajè lwès tinelye a pi lwen pase Park Avenue an jiska Broadway. Si li vyab, apwòch sa a ta ka ekonomize plis pase 400 milyon dola pandan dire pwojè a.

Fè konsepsyon Interborough Express la

An 2022, Gouvènè Hochul te etabli vizyon solid pou Interborough Express la – yon nouvo sèvis nan Brooklyn ak Queens ki ta sèvi ak dwa pasaj ki egziste deja nan Bay Ridge Branch la, ki konekte katye divèsifye sou plan etnik ak ekonomik tankou Bay Ridge, Borough Park, Kensington, Midwood, Flatbush, Flatlands, New Lots, Brownsville, East New York, Bushwick, Ridgewood, Middle Village, Maspeth, Elmhurst ak Jackson Heights. Pwojè sa a gen potansyèl pou bay koneksyon ak jiska 17 liy tren, diminye tan vwayaj ant de minisipalite yo pa 30 minit epi sèvi 40 milyon pasaje chak ane. Sou direksyon Gouvènè Hochul, MTA pral kounye a kòmanse enjenyeri fòmèl IBX la.

Anbochaj Lokal pou Pwojè Kapital MTA

Nan kad yon pwogram pilòt ki egziste deja, MTA mande pou kontraktè k ap travay sou Nouvo Depo Otobis Jamaica, Rezistans & Reyabilitasyon Liy Rockaway la, yon gwoup kat amelyorasyon estasyon ADA atravè Vil la, ak pwojè revitalizasyon estasyon Broadway Junction lan pou angaje nan objektif 20 pousan nan èdtan travay ki dewe fèt pa travayè ki abite toupre chantye konstriksyon an oswa nan kominote ki gen mwens revni yo. Etandone siksè pwogram pilòt sa a, Gouvènè Hochul ap mande MTA pou l elaji pwojè pilòt la pou l enkli pwojè Dezyèm Faz Metwo Second Avenue an, pou bay travayè yo nan East Harlem plis travay.

Lanse Premye Sant Enfrastrikti New York la

Gouvènè Hochul te fè yon investisman solid nan enfrastrikti New York la, soti nan Plan Kapital Depatman Transpò istorik 32.8 milya dola pou senkan rive nan angajman finansman enpòtan pou agrandisman transpò atravè eta a. Investisman sa yo ankouraje ekite ak koneksyon pandan y ap batay kont efè chanjman klimatik yo ak kreye travay. Gouvènè Hochul ap lanse yon [Sant Enfrastrikti](#) nan tout eta a ki pral bay tout Nouyòkè kapasite pou yo aprann plis sou envestisman nan kominote pa yo, ki sipòte pa finansman eta ak federal. Sant Enfrastrikti a pral pèmèt tou vizitè yo chèche pwogram asistans teknik ak opòtinite sibvansyon federal yo.

Konbat Fwod Peyaj ak Tarif yo

Depi 2017, New York te itilize koleksyon peyaj wout ouvè, pou pèmèt yon sikilasyon pi fasil sou gwo pon, tinèl, ak otowout yo. Depi lè aplikasyon sa a, ensidans plak machin ki degrade oswa ki pa lizib yo ogmante anpil, ak plis pase senk pousan plak machin ki pa li. Anplis de sa, fwod tarif yo nan metwo, otobis yo ak ray tren yo te ogmante anpil, ak

Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA) an ki estime yon pèt peyaj ak fwod nan tarif anyèl ki plis pase 700 milyon dola pa ane.

Gouvènè Hochul ap anonse yon seri pwopozisyon pou limite evazyon tarif yo ak peyaj epi asire tout moun ki itilize enfrastrikti piblik yo peye yon pòsyon jis yo. Aksyon sa yo gen ladan yo:

- Ogmante amann monetè pou fwod tarif yo ak degradasyon plak machin yon fason entansyonèl;
- Ogmante aktivite aplikasyon peyaj yo epi entèdi vann "plak ki disparèt yo;"
- Pèmèt ofisye lapolis yo sezi kouvèti plak machin ki fèt pou fè plak yo pa lizib;
- Deziyen evazyon peyaj entansyonèl kòm yon deli vòl nan sèvis yo.

Plan Gouvènè Hochul asire tou yon aplikasyon ekitab lè li egzije refòm sa yo:

- Pèmèt ofisye lapolis yo bay avètisman alekri olye konvokasyon pou moun ki fè kontravansyon fwod tarif premye fwa yo;
- Pèmèt MTA a pèmèt moun ki fè kontravansyon pou premye fwa yo jwenn padonnen amann si yo enskri nan pwogram Tarif Ekitab yo;
- Pèmèt MTA a ranbouse jiska 50 pousan premye amann yo – si yo peye alè – ba kliyan an atravè yon kat tarif;
- Bay MTA a menm otorite pou fè aplikasyon lwa pou fwod tarif yo sou ray tren banlye ki egziste kounye a nan Transpò Vil New York la.

Pwopozisyon sa yo ann amoni ak rekòmandasyon [Komite Riblan Ble \(Blue-Ribbon Panel\)](#) MTA te konvoke pou etidye fwod tarif ak peyaj, ki te pibliye rapò li an 2023. Panèl la te rekòmande apwòch inovan pou diminye fwod tikè yo ak peyaj atravè tout sistèm MTA nan metwo, otobis, ray banlye, pon ak tinèl yo.

Re-Entwodwi Lwa Sammy an

An 2023, Gouvènè Hochul te mande adopte Lwa Sammy an, ki te rele Sammy Cohen Eckstein, yon timoun 12 zan ki te mouri lè yon machin te frape l an 2013. Lwa sa a ta pèmèt Vil New York diminye vitès limit li a 50 km pa èdtan, sa k ap redwi yon fason konsiderab risk lanmò oswa blesi ki menase lavi nan yon aksidan. Gouvènè Hochul pral re-entwodwi lwa sa a kòm yon pati nan Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2025 la.

Pwomote Sekirite Batri Lityòm-ion

Batri Lityòm-ion yo te vin yon pati esansyèl nan peyizaj transpò a, alimante bisiklèt elektrik yo ak siklomotè yo. Sepandan, pwopagasyon itilizasyon yo te lakoz ensandi danjere ak yon diferans enpòtan nan kalite pwodwi yo atravè endistri a. Pou pwoteje Nouyòkè yo, Gouvènè Hochul ap pran mezi sa yo pou ankouraje sekirite batri Lityòm-ion:

- Ogmante fòmasyon Biwo Prevansyon ak Kontwòl Ensandi (Office of Fire Prevention and Control, OFPC) pou depatman ponpye lokal yo sou fason pou etenn ensandi batri lityòm-ion yo;
- Elaji anons sèvis piblik sou entènèt sou sekirite batri lityòm-ion yo;
- Mande konpayi livrezon yo pran plis responsablite pou asire ke kontraktè yo itilize aparèy ki an sekirite;
- Entwodwi lejislasyon pou entèdi yo vann aparèy ki pa sètifye pa òganizasyon tèss sekirite ki gen bon repitasyon.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418